



Pou Piblikasyon Imedya: 05/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENSTALASYON DETEKTÈ VEYIKIL TWÒ WO POU ANPECHE KOLIZYON NAN PON SOU WOUT PANORAMIK YO NAN LONG ISLAND

Teknoloji modèn sa a deja anpeche plizyè milye kolizyon nan tout eta a

W'ap Jwenn Foto Detektè yo Ki Disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse enstalasyon nouvo teknoloji ki pral ede rete machin ki twò wo k ap eseye antre sou wout panoramik yo nan Long Island pou anpeche kolizyon danjre nan pon sou pasrèl ba sou wout panoramik yo. Pwojè 4.3 milyon dola a gen ladan enstalasyon detektè veyikil ki twò wo nan 13 kote nan konte Nassau ak Suffolk.

“Chak kolizyon nan pon se non sèlman yon danje pou otomobilis ak pasajè ki mele ladan yo, men li fè pwoblèm sikilasyon trè grav moun Long Island ap konfwonte chak jou yo vin pi mal toujou tou”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk enstalasyon detektè sa yo, n ap fè wout panoramik yo ki nan rejyon sa a antre nan 21yèm syèk la avèk teknoloji dènnye kri ki fèt pou anpeche kolizyon nan pon sa yo epi n ap amelyore sekirite ak bon fonksyonman vwa woutye esansyèl sa yo.”

Detektè yo sou tèt ranp la pral transmèt yon reyon envizib ki fikse a yon wotè pasaj anba pon ki espesifik pou zòn nan. Yon veyikil ki twò wo k ap antre ap bare reyon an, sa k ap deklanche yon mesaj avètisman sou yon panno LED tout koulè ki bay mesaj varyab. Avètisman an ap endike veyikil la twò wo epi alète chofè a li pral frape pon an pi devan. Yon kamera ki konekte avèk sant jesyon sikilasyon rejyonal Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation, NYSDOT) pral anrejistre ensidan an.

Wout panoramik Eta New York yo abityèlman gen pon ki pi ba pase wotè pon legal estanda a. Veyikil komèsyal yo, otobis eskolè yo, trelè traktè yo ak lòt veyikil wo gen entèdiksyon pase sou wout panoramik yo. Yo te detèmine kote y ap mete sistèm detektè wotè eksepsyon yo dapre kote yo konnen kamyon yo antre sou wout panoramik yo.

Komisè Pwovizwa Depatman Transpò Eta, Paul A. Karas, te deklare, “Nan Depatman Transpò Eta a, sekirite se priyorite prensipal nou epi nou vize sèvi avèk teknoloji modèn pou kenbe wout nou yo san danje pou tout itilizatè yo. Lè nou anpeche

kamyon yo antre sou wout panoramik yo anvan yo frape yon pon ba sa pral amelyore sekirite moun Long Island yo pandan anpil lane k ap vini yo”.

Men kote ki te fini alè yo an novanm epi ki te respekte bidjè a:

- Eagle Avenue nan direksyon sid sou Southern State Parkway nan direksyon lès nan vil Hempstead, nan Konte Nassau
- Vwa sèvis nò Sunrise Highway a sou Heckscher/Southern State Parkway nan direksyon lwès nan vil Islip, nan Konte Suffolk
- State Route 106/107 nan direksyon sid sou Northern State Parkway nan direksyon lès nan vil Oyster Bay, nan Konte Nassau
- State Route 106/107 nan direksyon nò sou Northern State Parkway nan direksyon lès nan vil Oyster Bay
- State Route 106/107 nan direksyon sid sou Northern State Parkway nan direksyon lwès nan vil Oyster Bay

Anplis de sa, enstalasyon detektè kamyon yo k ap fèt kounye a sipoze fini nan prentan 2018 la nan:

- Ranp Interstate 495/Long Island Expressway a nan direksyon lès sou Northern State Parkway nan direksyon lès nan vil Oyster Bay, nan Konte Nassau
- Ranp Interstate 495/Long Island Expressway a nan direksyon lwès sou Northern State Parkway nan direksyon lwès nan vil Oyster Bay
- Peninsula Boulevard nan direksyon nò sou Southern State Parkway nan direksyon lès nan vil Hempstead, nan Konte Nassau
- Peninsula Boulevard nan direksyon sid sou Southern State Parkway nan direksyon lwès nan vil Hempstead
- State Route 135/Seaford-Oyster Bay Expressway nan direksyon sid sou Southern State Parkway nan direksyon lwès nan vil Hempstead
- State Route 111 nan direksyon sid sou Southern State Parkway nan direksyon lwès nan vil Islip, nan Konte Suffolk
- State Route 111 nan direksyon nò sou Southern State Parkway nan direksyon lwès nan vil Islip
- Ranp Spur Drive North la sou Southern State Parkway nan direksyon lwès nan vil Islip

Yo te enstale detektè wotè eksefif nan twa lòt kote nan Long Island an 2014, ki se:

- State Route 106/107 nan direksyon nò sou Northern State Parkway nan direksyon lwès nan vil Oyster Bay
- State Route 135/Seaford-Oyster Bay Expressway nan direksyon nò sou Northern State Parkway nan direksyon lwès nan vil Oyster Bay
- Long Island Expressway nan direksyon lwès sou Northern State Parkway nan direksyon lwès nan vil Oyster Bay

Yo te enstale sistèm menm jan an sou senk wout panoramik nan Hudson Valley an 2015. An 2016 te gen 30 pousan mwens kolizyon nan pon sou Hutchinson River

Parkway pase kantite ki te genyen an 2012. Sistèm nan anpeche plizyè milye otobis, kamyon fèmen, trelè traktè ak lòt veyikil ki twò wo frape pon ba ki sou Parkway a.

NYSDOT te enstale yon sistèm apèn diferan an 2011 sou Onondaga Lake Parkway nan Salina, toupre Syracuse, pou anpeche machin ki twò wo yo frape yon pon chemendefè ki ba. Kote sa a te wè yon rediksyon nan kolizyon nan pon sòti nan plizyè pa ane, rive a yon mwayèn yon sèl pa ane epi li anpeche plizyè santèn veyikil ki twò wo pwoche pon an.

N'ap fè otomobilis yo sonje ke kontravasyon yo double lè yo depase vitès limit nan zòn travay yo. Konfòmeman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo anile lisans yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou vwayaj, rele 511 oswa vizite www.511NY.org, oswa sit mobil nou an nan m.511ny.org. Swiv DOT Eta New York nan Twitter: @NYSDOT. Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYSDOT.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418